



Selebrasyon Fanm atravè Vil la

Chè Nouyòkè,

Mwa mas se [Mwa Istwa Fanm](#), epi lekòl leta Vil Nouyòk mete ansanm avèk fanmi nou yo pou onore kontribisyon enkwayab fanm yo fè nan vil nou an, nasyon nou an, ak mond nou an—nan plizyè fason, atravè syans, medsin, art, literati, politik, aktivis, ak plis ankò.

Yon pati nan misyon m se asire ke tout elèv nou yo etidye kontribisyon fanm yo te fè atravè listwa: pa sèlman pandan mwa istwa fanm men pandan tout ane lekòl la. Pou jèn fi yo atenn tout potansyèl yo, y ap bezwen wè modèl fanm ki te pran avantaj tout opòtinite yo te jwenn, ki te trase yon nouvo santye, ak goumen pou asire egalite.

Fanm tankou Sonia Sotomayor, yon avoka ki fèt nan Bronx, se premye Latina ki te sèvi nan Tribinal Siprèm Etazini.

Fanm tankou Joy Reid, ki fèt nan Brooklyn, se premye fanm nwa kòm prezantatè televizyon nan emisyon MSNBC, *The ReidOut*.

Fanm tankou Grace Meng, yon manm Kongrè Ameriken ki soti Queens, ki se premye— epi sèlman—manm Kongrè Ameriken Azyatik nan Eta Nouyòk.

Byennantandi, gen tèlman fanm ki soti nan plizyè domèn diferan ki se modèl pèseverans ak detèminasyon ki kraze baryè. Mwen te gen onè selebre de nan yo pandan yon selebrasyon Mwa Istwa Fanm nan biwo santral nou an nan Manhattan semèn pase a.

Vy Higginsen, otè ki renome, otè dramatik, pèsonalite radyo ak televizyon, te pale sou komedi klasik mizikal li a Black gospel, "Mama I Want To Sing!," ki ap jwe nan Harlem depi 40 ane kounye a. Fondasyon Mama pou Art ap anseye jèn yo mizik depi plizyè dizèn ane; Vy di se bèl bagay lè w wè timoun sa yo "grandi ak vin moun yo te reve ye a nan desten yo."

Nayeli Chavez-Geller, yon korespondan Vil Nouyòk pou emisyon jounal Univision nan rezo "Primer Impacto," te fè yon diskou enteresan--sou pakou li soti Meksik a laj 15 ane pou vin nan Vil Nouyòk pou rive fè yon karyè jounalis kote kounye a l ap rakonte istwa lòt moun.

Si moun ki te pran lapawòl yo te enspire nou, nou te jwenn menm enspirasyon an tou nan bèl koral Bella Voce ki soti Celia Cruz High School of Music nan Bronx; jèn fi yo te pèfòme twa chante ki vrèman remonte lespri w, sou direksyon Jacqueline Bergland. Mwen te vrèman kontan tande jèn fi sa yo k ap chante pou divèti nou avèk trè bèl vwa yo.

Mwen vle remèsye tout moun ki te patisipe nan selebrasyon nou an. Mwen vle tou rann omaj pou fanm ewo sa yo ki souvan pase enkonni nan sistèm lekòl nou an chak jou. Fanm k ap anseye ak pran swen pitit nou yo. Fanm k ap dirije lekòl nou yo. Fanm k ap sipèvize pwogram ak regleman k ap sipòte edikasyon pitit nou yo. Fanm k ap travay san pran souf pou mete tout elèv nou yo sou chemen avni briyan k ap tann yo, avèk pòt opòtinite ki ouvri byen gran pou yo. Avni nou kapab briyan sèlman avèk kontribisyon fanm yo ap fè san pran souf.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Gen tan toujou pou ranpli sondaj lekòl leta Vil Nouyòk la

Sondaj Anyèl Lekòl Vil Nouyòk la se yon bon opòtinite pou w di nou kòman n ap travay ak kisa nou ka fè plis pou fè lekòl ou a vin pi bon kote pou w aprann. Nou ankouraje chak paran, elèv, ak manm estaf pou ranpli sondaj la, li disponib nan 10 lang. Delè a se **31 mas**.

Kòman pou ale nan sondaj la:

- Si **pitit ou a nan klas K–12**, ou pral **bezwen nimewo idantifikasyon nèf chif elèv la, oswa OSIS**, pou [kòmanse ranpli sondaj ou a sou entènèt](#). Ou ka jwenn OSIS la nan kanè, kat ID lekòl elèv ou a, oswa nan [Kont Lekòl Vil Nouyòk \(NYC Schools Account\)](#) li a. Lè w sou paj

sondaj la, ou dwe antre lèt "f", apre sa antre nimewo OSIS pitit ou a pou jwenn aksè nan sondaj la. Sonje "f" la dwe yon lèt miniskil. Fanmi dwe kontakte lekòl pitit yo ye a si yo bezwen èd pou jwenn nimewo idantifikasyon pitit yo a.

- Si **pitit ou a nan 3-K oswa Pre-K**, tanpri kontakte pwogram oswa lekòl pitit ou ye a pou resevwa **kòd aksè sondaj la**.
- Fanmi ka pran sondaj la tou lè yo konekte sou pòtal [NYC Schools Account \(NYCSA\) yo a](#) kote yo ka wè nòt elèv yo, nòt egzamen yo ak plis ankò.

Videyo Rezime Semèn lan



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvel ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Si w pa vle resevwa mesaj imèl you PS+You yo ankò, tanpri [pa abone \(unsubscribe\)](#).